



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**KISA Y AP DI: OFISYÈL ELI, LIDÈ TRAVAY, ADMINISTRATÈ LEKÒL AK DEFANSÈ  
KOMINOTE YO SIPÒTE INISYATIV GOUVÈNÈ HOCHUL POU METE  
RESTRIKSYON SOU ITILIZASYON ESMATFÒN NAN LEKÒL YO NAN TOUT ETA A**

Yè, Gouvènè Kathy Hochul te lanse inisyativ li pou mete restriksyon sou itilizasyon esmatfòn nan lekòl K-12 nan tout eta a, apre entwodiksyon pwopozisyon lejislatif [li a](#) pou asire lekòl ki pa gen distraksyon nan Nouyòk kòm yon pati nan Pwopozisyon Bidjè Egzekitif ane fiskal 2026 la. Gouvènè a te souliye ke pwopozisyon sa a baze sou yon toune pou tandè nan tout eta a li te fè pandan ane ki sot pase a ak elèv, paran, pwofesè, defansè jistis sosyal ak ofisyèl lapolis – yo tout pral kontinye fè pati efò sa a.

**Senatè Eta a ak Prezidan Komite Edikasyon Sena a, Shelley B. Mayer, te deklare,** "Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Hochul ap fè pou abòde gwo enpak negatif itilizasyon telefòn selilè nan lekòl nou yo ak sou elèv nou yo. Nou te wè yon lyen ki demontre ant itilizasyon telefòn selilè ak yon bès nan sante mantal elèv yo ak siksè akademik akòz distraksyon ak diminisyon kapasite pou konsantre, diminisyon entèraksyon sosyal ak estrès emosyonèl. Mwen apresye tou konpreyansyon Gouvènè a ke plan sa a pral mande resous adisyonèl pou aplike. Mwen espere travay avèk Gouvènè a ak kòlèg mwen yo pou asire distri yo gen fleksibilite pou yo kapab aplike plan sa a nan yon fason ki pi bon pou elèv yo, anplwaye yo ak kominote yo".

**Senatè Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Kòm paran yon pitit fi 14 an, mwen konprann kijan telefòn yo vin tounen yon obstak nan anviwònman aprantisaj la. Aparèy sa yo gen yon enpak klè sou sante mantal jèn yo ak kapasite yo pou yo konsantre. Se poutèt sa mwen te prezante lejislasyon pi bonè ane sa a pou entèdi itilizasyon telefòn selilè ak aparèy entelijan lè elèv yo nan salklas la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt gravite pwoblèm sa a epi li enkli langaj menm jan an nan bidjè egzekitif li a. Mwen apresye tou ke inisyativ li a pran enkyetid sekirite paran yo an kont epi li t ap toujou pèmèt timoun yo kapab itilize telefòn yo lè yo vwayaje ale ak soti nan lekòl la. Mwen espere vote pou sipòte pwopozisyon Gouvènè a nan bidjè ane fiskal 2025-2026 la."

**Manm Asanble Michaelle Solages te deklare,** "Kreye yon anviwònman aprantisaj san distraksyon se yon bagay esansyèl pou elèv nou yo pwospere akademikman. Plan Gouvènè Hochul pou deziyen direktiv klè pou itilizasyon esmatfòn nan lekòl yo jwenn bon balans lè li bay edikasyon priyorite pandan y ap adrese aksè pou moun k ap bay

swen yo. Inisyativ sa a se yon etap enpòtan nan ankouraje angajman elèv yo, byennèt mantal, ak siksè nan salklas la."

**Manm Asanble Harvey Epstein te deklare,** "Gen yon konsansis k ap grandi nan mitan ofisyèl gouvènman yo, pedyat, pwofesyonèl sante mantal, ak edikatè yo ke itilizasyon telefòn selilè nan lekòl yo gen yon enpak negatif sou kapasite elèv yo pou konsantre sou aprantisaj epi li ekspoze yo ak distraksyon ki kapab andomaje sante mantal yo. Mwen bat bravo pou volonte Gouvènè a genyen pou mande distri yo pou yo adopte yon politik ki entèdi itilizasyon telefòn selilè pandan ansèyman nan salklas. Nou dwe asire ke lekòl nou yo se kote ki ankouraje aprantisaj ak pwoteje sante mantal elèv yo."

**Manm Asanble Charles Fall, te deklare,** "Kòm yon papa de pitit fi, mwen te wè ki jan itilizasyon esmatfòn anvayisan kapab ye nan lavi chak jou nou ak ki jan li afekte kapasite timoun nou yo pou konsantre epi konekte ak mond lan bò kote yo. Pwopozisyon Gouvènè Hochul pou mete restriksyon sou itilizasyon esmatfòn nan lekòl yo se yon etap reflechi, ki baze sou prèv pou asire ke salklas nou yo se espas pou aprantisaj, kreyativite ak kwasans pèsonèl. Inisyativ sa a mete sante mantal ak siksè akademik elèv yo an premye, e mwen fyè pou m sipòte efò sa a pou kreye yon avni ki pi briyan pou lekòl nou yo ak fanmi nou yo."

**Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare,** "Pwopozisyon Gouvènè a pou limite itilizasyon telefòn selilè nan lekòl yo se yon etap enpòtan pou amelyore sante mantal ni pou elèv ni pou pwofesè yo. Lè li kreye yon atmosfè kote aprantisaj ak kreyativite ka pwospere, inisyativ sa a adrese youn nan defi kle nan edikasyon modèn. Mwen espesyalman bat bravo pou alokasyon bidjè yo pou sipòte lekòl yo nan egzekite chanjman sa yo yon fason efikas. Lekòl ki te deja adopte règleman sa a ap demontre rezilta pozitif, sa ki pwouve potansyèl modèl sa a pou siksè nan tout eta a. Ansanm, nou kapab asire pi bon rezilta nan edikasyon ak yon anviwònman lekòl ki pi an sante pou tout moun."

**Manm Asanble Bill Conrad te deklare,** "Kòm yon paran kat jèn timoun ak yon pwofesè pou 20 ane, mwen te wè premye dirèkteman enpak negatif itilizasyon eksèsif telefòn selilè sou elèv yo. Aprantisaj nan salklas se yon priyorite ki ba pou timoun yo akòz deranjman li lakòz, gras a alèt konstan, voye tèks san rete, yon gwo konsantrasyon sou rezo sosyal yo, ak mefyans ki byen fonde sou entimidasyon sou entènèt. Pwoblèm inital ak lit pouvwa rive nan salklas kote lekòl yo pa gen règleman ki konfòm, epi anpil nan elektè mwen yo ke mwen te pale avèk yo vle estanda nan tout eta a pou asire aprantisaj san distraksyon elektwonik pou timoun nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li pataje objektif sa a ak volonte l pou li konsakre finansman eta a pou ede lekòl yo kreye yon anviwònman aprantisaj ki pi an sekirite e ki pi efikas pou jèn yo."

**Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare,** "Kòm paran, lejislatè ak travayè sosyal nan lekòl la, mwen te wè pèsonèlman defi esmatfòn yo poze nan edikasyon. Inisyativ Gouvènè Hochul asire ke lekòl nou yo se kote pou aprann, pandan y ap

kontinye bay paran yo lapè nan tèt. Se yon apwòch ki gen sans komen ki mete sante mantal ak byennèt timoun nou yo an premye."

**Manm Asanble Brian Cunningham te deklare,** "Pwopozisyon sa a jwenn yon ekilib ant amelyore sekirite nan salklas, minimize distraksyon, ak asire paran yo ka jwenn pitit yo pandan lekòl la. Lè Gouvènè Hochul bay lekòl yo resous ak fleksibilite, ap ekipe edikatè yo ak elèv yo ak zouti yo bezwen pou yo reyisi ak amelyore rezilta aprantisaj yo."

**Manm Asanble George Alvarez, te deklare,** "Inisyativ sa a adrese youn nan pwoblèm ki pi ijan nan lekòl nou yo jodi a ki afekte aprantisaj elèv yo. Nou dwe fè tout sa ki posib pou kenbe elèv yo angaje nan aprantisaj epi minimize distraksyon dijital nan salklas la. Plan Gouvènè Hochul a pral non sèlman amelyore rezilta akademik yo, men tou ap sipòte byennèt mantal elèv nou yo."

**Egzekitif Konte Albany an, Dan McCoy, te deklare,** "Telefòn selilè yo te vin tounen yon gwo obstak nan edikasyon, e pwopozisyon sa a pral non sèlman kreye yon anviwònman aprantisaj ki pi fasil pou l fèt, men li pral tou ankouraje pi bon sante mantal paske elèv yo pa pral santi presyon koneksyon konstan."

**Majistra Vil Ithaca, Robert Cantelmo, te deklare,** "Nou te wè plizyè fwa ke nou pa ka konte sou konpayi teknoloji yo bay pitit nou yo priyorite pito ke pwofi yo. Gouvènè Hochul ap pran yon pozisyon fèm pou mete aprantisaj ak anviwònman edikasyon nou yo an premye nan bay administratè yo otonomi pou kenbe itilizasyon telefòn selilè ki lakòz depandans deyò nan salklas la. Mwen rekonesan pou m wè Gouvènè a asosye inisyativ sa a ak 13.5 milyon dola nan finansman pwopoze pou fasilite aplikasyon li."

**Sirentandan CSD Niagara Falls, Mark Laurie, te deklare,** "Antanke sirentandan mwen apresye lidèchip Gouvènè a nan atake pwoblèm monimantal sa a. Nou tout gen anpil travay pou nou fè men finalman l ap pi bon pou lekòl yo ak eta nou an."

**Sirentandan CSD Maine Endwell, Jason Van Fossen, te deklare,** "Nan Maine-Endwell, nou kwè elimine distraksyon deyò se kle nan avanse misyon nou pou bay yon eksperyans edikasyon ki trè bon pou chak elèv. An 2022, apre yo te ogmante itilizasyon aparèy mobil nan lekòl yo nan tout peyi a, distri nou an te pran yon apwòch pwoaktif lè li te amande Kòd Konduit ofisyèl nou an pou mete restriksyon sou aparèy sa yo (tankou esmatfòn, mont, elatriye) pandan tout peryòd aprantisaj yo. Nou sipòte Gouvènè a nan pran mezi pou asire edikasyon ak sekirite rete premye priyorite nimewo nan bilding lekòl nou yo."

**Sirentandan Distri Lekòl Santral (Central School District, CSD) Greece, Jeremy Smalline, te deklare,** "Distri Lekòl Santral Greece la sipòte pwopozisyon Règleman Gouvènè a pou Lekòl san Distraksyon (Distraction Free Schools Policy) yo. Anplis de enkyetid Gouvènè a te note konsènan sante mantal ak pèfòmans akademik ki asosye ak twòp tan devan ekran, nou t ap ajoute ke enkyetid konpòtman yo te yon faktè enpòtan nan pran desizyon nou an. Prèy yo montre telefòn selilè yo kòm yon zouti ki

aggrave konpòtman pwoblèm, tankou entimidasyon. Planifikasyon estratejik ak kominikasyon yo te kritik nan fè lanse inisyativ sa a nan Greece. Li pa te pafè ditou, men tan nou te pran pou ekri politik la, rechèch enpak sou itilizasyon telefòn selilè sou adolesan, ak kominike ak Konsèy la ak kominote a te trè itil. Nan kèk mwa ki sot pase yo, nou te prezante devlopman ak aplikasyon politik nou an plizyè fwa, enkli sesyon ak Asosyasyon Sirentandan Lekòl nan Konte Monroe yo ak Asosyasyon Direktè Lekòl Presegondè nan Lwès Nouyòk."

**Sirentandan Binghamton CSD, Tonia Thompson, te deklare,** "Lekòl ak salklas yo se yon plas kote elèv yo ta dwe angaje nan aprantisaj ak pwofesè yo ak kamarad yo, san yo pa distrè nan tcheke mesaj ak rezo sosyal sou yon telefòn selilè. Depi Distri Lekòl Vil Binghamton te aplike yon politik pa gen telefòn nan lekòl segondè ak lekòl presegondè nou yo, konsantrasyon ak patisipasyon elèv yo te ogmante anpil. Sa a te ede tou pou tout moun reyalize misyon distri a pou asire espas aprantisaj sipòte kwayans, apatenans ak sa yo vle vin ye. Gen yon politik nan tout lekòl atravè Nouyòk ap ede sipòte pi bon rezilta pou tout elèv yo."

**Sirentandan Vestal CSD, Clifford Kasson, te deklare,** "Nan Distri Lekòl Santral Vestal, nou te kòmanse yon plan pou limite aparèy pèsonèl elèv yo nan lekòl presegondè ak segondè nou an. Nan tou de lekòl yo nou te wè yon ogmantasyon siyifikatif nan aprantisaj elèv yo ak nan angajman nan leson. Pwofesè nou yo kapab anseye, epi elèv nou yo gen mwens distrè epi definitivman plis angaje nan aprantisaj. Nou remake mwens disiplin elèv akòz asèlman ak entimidasyon sou rezo sosyal yo. An jeneral, sa a te yon siksè epi nou pral kontinye ak objektif sa a sou angajman aprantisaj elèv yo ak mwens aksè nan aparèy pèsonèl pandan jounen lekòl la. Mwen byen kontan ke efò sa yo pral elaji atravè Eta Nouyòk."

**Direktè Vestal CSD, Sarah Wiggins, te deklare,** "Si nou retire esmatfòn yo nan salklas yo nan Eta Nouyòk, sa pral kreye yon espas san danje epi san distraksyon k ap pèmèt elèv yo grandi nan tout potansyèl yo."

**Prezidan Konsèy Sipèvizè ak Administratè Lekòl (Council of School Supervisors and Administrators, CSA) yo, Henry Rubio, te deklare,** "Lidè lekòl yo konnen byen pwòp ke itilizasyon eksèsif telefòn selilè ka gen efè danjere, tankou deranjman nan lekòl yo ak distraksyon nan aprantisaj. CSA te rankontre ak ekip Gouvènè a pou defann yon politik telefòn selilè ki gen sans pou lekòl Vil Nouyòk yo epi pou mete aksan sou defi pou fè respekte lalwa. Nou kwè dwe genyen pwotokòl konsistan pou kolekte telefòn, ansanm ak mezi enpòtan pou elèv ki inyore entèdiksyon an, e nou kontan ke pwopozisyon sa a egzije metòd pou paran yo kontakte elèv yo pandan jounen an. N ap kontinye travay ak Gouvènè a pou finalize yon pwojè lwa ki sipòte lekòl yo avèk finansman ak anplwaye ki nesèsè pou yon aplikasyon ki gen siksè."

**Prezidan Teamsters Local 237 la, Gregory Floyd, te deklare,** "Konsènan telefòn selilè elèv yo nan lekòl piblik yo, nou te fè eksperyans sitiyasyon an tou de fason yo: Pa te gen okenn anba Majistra Bloomberg. DeBlasio pote yo tounen. Bagay yo te

fonksyone pi byen san yo menm. Kounye a, jan Gouvènè Hochul pwopoze a, p ap gen distraksyon epi ap gen plis aprantisaj."

**Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Phone Free, Raj Goyle, te deklare,** "Mwen ka wè ke pou pitit fi mwen an, yon elèv nan yon lekòl san telefòn, ki p ap gade nan telefòn li nan lekòl la mennen nan mwens tan ekran nan kay la. Yon anviwònman aprantisaj san distraksyon se jis politik bon sans ki benefisye tout moun."

**Direktè Egzekitif SustainableMedia.Center, Steven Rosenbaum, te deklare,** "Sustainable Media Center travay ak jèn moun, teknoloji ak paran yo pou jwenn fason pou kreye yon anviwònman an sekirite ak an sante pou jèn yo. Li klè ke toutotan platfòm teknoloji sa yo chwazi pwofi sou moun ak kòlè pou vann anons, eta rezo sosyal yo pral danjere pou jèn yo. Li absoliman klè ke lekòl san telefòn yo se yon inisyativ ki dwe lanse, epi nou bat bravo pou gouvènè a paske li te pran mezi odasye ak enpòtan sa a."

**Fondatè ak Direktè Egzekitif Long Island Coalition Against Bullying, Joseph A. Salamone, te deklare,** "Lè nou mete restriksyon sou itilizasyon esmatfòn pandan jounen lekòl la, n ap kreye espas ki pi an sekirite ki konsantre sou pèfòmans akademik, ankouraje angajman, ankouraje koneksyon entèpèsònèl ak priyorize byennèt mantal. Efò sa a non sèlman ede elèv yo konsantre sou edikasyon yo, men tou sipòte kwasans sosyal ak emosyonèl enpòtan, sa ki diminye deklanche potansyèl pou entimidasyon ki ka rive nan entèraksyon dijital san siveyans. Mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li te pran mezi nesèsè sa a pou pi byen pwoteje timoun nou yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EAC Network, Neela Mukherjee Lockel, te deklare,** "Rezo EAC a sipòte efò Gouvènè a pou mete restriksyon sou itilizasyon esmatfòn nan lekòl yo epi asire aprantisaj san distraksyon nan lekòl atravè Eta Nouyòk. Paran ak desidè politik yo dwe travay ansanm pou sipòte règleman san telefòn yo. Paran yo gen yon wòl enpòtan pou jwe: ede lekòl yo bay edikasyon priyorite sou distraksyon. Kounye a, li nesèsè pou nou pran mezi odasye pou pwoteje elèv nou yo kont domaj mantal ak akademik nan aplikasyon yo, renmen (like), ak glise yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Family & Children's Association, Jeffrey L. Reynolds, te deklare,** "Dapre sa nou konnen sou enpak rezo sosyal yo sou sante mantal timoun yo ak fason itilizasyon telefòn selilè entèwonp aprantisaj la, nou sipòte avèk antouzyas entèdiksyon Gouvènè Hochul pwopoze sou telefòn selilè yo. Yon entèdiksyon nan tout eta a – ansanm ak yon envestisman nan resous pou ede lekòl yo aplike nouvo lwa a – pral rann li pi fasil pou pwofesè yo ak administratè lekòl yo aplike ak fè respekte restriksyon sa yo yon fason inivèsèl, pandan y ap sipòte paran ki konprann benefis ki asosye ak yon jounen lekòl san telefòn."

**Direktè Egzekitif Youth Enrichment Services (YES), MaryAnn Pfeiffer, te deklare,** "YES kontan dèske Gouvènè Hochul ap pwopoze pou mete restriksyon sou itilizasyon telefòn selilè kòm yon estrateji pou fè fas yon fason pi efikas ak itilizasyon telefòn selilè elèv yo pandan jounen lekòl la. Itilizasyon telefòn selilè pandan jounen lekòl la te yon

pwoblèm pandan kèk tan, non sèlman an relasyon ak pèfòmans akademik elèv yo, men li se tou yon preyokipasyon sekirite ak sante mantal. Itilizasyon tèks san restriksyon, angajman rezo sosyal ak lòt aktivite ki pa gen rapò ak lekòl yo ka lakòz rate enstriksyon enpòtan nan salklas ki mennen nan pi move pèfòmans lekòl la. Li kapab tou mennen nan entimidasyon sou entènèt, pwovokasyon, santiman yo rete yon bagay (feelings of missing out, FOMO) kay elèv yo, depresyon, enkyetid ak lòt enpak negatif sou sante mantal. Bay elèv yo yon "entèripsyon" nan itilizasyon telefòn selilè pandan plizyè èdtan chak jou ap mennen nan enpak pozitif sou pèfòmans akademik, angajman/entèraksyon sosyal an pèsòn ak pi bon sante mantal an jeneral. Ajans nou an ak anplwaye nou yo kontan anpil pou sipòte inisyativ sa a epi yo espere aplike l nan pwogram apre lekòl, aswè ak ete nou yo."

**Ko-fondatè The Sophie Fund, Scott MacLeod, te deklare,** "The Sophie Fund rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul pou efò solid li fè pou rezoud defi sante mantal jèn nou yo ap fè fas. Inisyativ Gouvènè a pou mete restriksyon sou itilizasyon esmatfòn nan lekòl yo se yon etap enpòtan nan kenbe timoun nou yo konsantre sou travay klas yo epi pi an sekirite kont domaj ki asosye ak sichaj dijital nan kilti jèn jodi a. Nou konnen ke itilizasyon telefòn entelijan se yon distraksyon konstan pou elèv ak pwofesè yo pandan jounen lekòl la. Nou konnen tou ke depandans nan defile ekran ak entèraksyon sou rezo sosyal gen korelasyon ak depresyon, enkyetid, solitud, entimidasyon sou entènèt ak menm lide swisid. Kominikasyon dijital atravè aparèy teknolojik avanse men ki repann tankou esmatfòn se yon fòs relativman nouvo ak ekstrèmman pisan nan sosyete a. Malgre anpil benefis li yo, li poze gwo defi nan devlopman sosyal ak emosyonèl timoun yo. Anplis nou apresye enpak pratik chak jou li te anvizaje, nou akeyi pwopozisyon Gouvènè Hochul la kòm yon apèl alaksyon pou paran yo, pèsònèl lekòl la, ak tout pwofesyonèl k ap sèvi jèn yo pou entansifye travay pou pwoteje byennèt mantal timoun k ap grandi nan epòk dijital frajil nou an."

**Direktè Egzekitif Jeneral The Children's Agenda, Larry Marx, te deklare,** "The Children's Agenda kwè ke limite itilizasyon telefòn selilè pandan tan lekòl la se yon objektif enteresan epi li pral itil sitou pou redui entimidasyon ak amelyore pèfòmans akademik patikilyèman pou elèv ki gen revni fèb. Nou bat bravo pou desizyon Gouvènè a pran pou mete finansman pou aplikasyon pou asire ke lekòl yo pa pral soufri okenn konsekans envolontè nan bidjè yo, ak pou finanse inisyativ "Dekonekte ak Jwe" (Unplug and Play) li a, pou elaji soti ak koneksyon sosyal ki ranplase itilizasyon eksèsif rezo sosyal yo ak ogmantasyon aksè nan lakou rekreyasyon ak pwogram lwazi. Nou mande eta a tou pou anpeche konsekans envolontè pou elèv yo nan asire itilizasyon telefòn selilè pou kont li pa vin yon ofans ki ka mennen nan sispansyon."

**Sirentandan Distri Lekòl Santral Lake Shore, Daniel W. Pacos, te deklare,** "Antanke sirentandan lekòl piblik, mwen aplodi desizyon Gouvènè Hochul te pran pou l rezoud pwoblèm itilizasyon telefòn selilè elèv te lakòz nan lekòl nou yo. Soti nan distraksyon senp nan pwosesis aprantisaj la rive nan depandans rezo sosyal ak entimidasyon ak esklizyon sou entènèt, telefòn selilè timoun nan lekòl yo itilize kreye anpil pwoblèm pou pwofesè, administratè ak paran. Fè yon mouvman pou adrese kòz prensipal pwoblèm yo se yon bagay odasye epi san dout pral atire kritik nan men elèv ak paran ki sipòte

itilizasyon telefòn selilè elèv yo nan lekòl la. Plan Gouvènè Hochul pwopoze a pral bay distri lekòl yo kapasite pou yo devlope yon plan ki fonksyone pou distri yo a - pa gen yon 'plan pou tout moun'. Yon pwomès pou bay finansman pou ede lekòl yo mete ann aplikasyon plan yo a enpòtan anpil epi fè pwopozisyon an posib pou distri lekòl yo. Li parèt tou ke piske chak distri t ap kapab devlope pwòp plan pa l pou aplikasyon, chak distri t ap gen kapasite pou ajiste plan yo pou adrese nenpòt pwoblèm ak/oswa fè amelyorasyon ladan. Distri yo pral oblije tou adrese kapasite paran yo pou yo kapab kontakte pitit yo pandan jounen lekòl la, sa ki pral ede rezoud enkyetid paran yo. Epi tou, lè yo mande distri yo pou yo gen yon plan, Eta a te bay distri yo kapasite pou yo adrese pwoblèm yo jan nou wè sa apwopriye avèk sipò Eta Nouyòk. Travay ansanm sou pwoblèm enpòtan sa a pral rann rezilta yo vle yo vin pi fasil pou atenn."

**Ko-Responsab Gwoup Travay sou Ekite nan Edikasyon nan Lwès Nouyòk, Samuel L. Radford III, te deklare,** "Nan pouswit edikasyon ekitab nou an, nou dwe bay priyorite ak politik ki pa sèlman diminye distraksyon men tou respekte bezwen divèsifye elèv, fanmi ak edikatè nou yo. Inisyativ Gouvènè Hochul la pou limite itilizasyon esmatfòn nan lekòl yo ann amoni ak objektif nou pataje pou ankouraje anviwònman kote elèv yo ka pwospere sou plan akademik, sosyal ak emosyonèl. Sepandan, antanke Ko-Responsab Gwoup Travay sou Ekite nan Edikasyon nan Lwès Nouyòk (WNY Education Equity Task Force), nou defann yon apwòch ki gen ti diferans—yon apwòch ki enplike vwa kominote a, ki ankouraje itilizasyon teknoloji responsab, epi ki asire sekirite ak aksè pou tout elèv yo. Ansanm, nou ka kreye espas aprantisaj ki sible ak enklizif."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)